# GWARO REFINEALT BIOECONOMY RECHIBVUMIRANO KUNE VAINOSHANDIDZANA NAVO

## NHANGANYAYA

Mukuzadzisa donzvo redu rekuburitsa nekusimudzira kuvandudzwa kwemabasa emaindasitiri kuburikidza nezvigadzirwa uye mabasa ebetsero eBioeconomy, takazvipira kudyidzana navose vatinoshandidzana navo muhushamwari, ruremekedzo nehunyanzvi zvichienderana nemitemo nezviga zvinoremekedza kodzero nezvisungo zvevatinoshandidzana navo.

Gwaro rechibvumirano kune vatinoshandidzana navo rino, rinoburitsa kodzero dzenyu, mabatirwo amuchaitwa nezvamunotarisira kuti tikuitirei isu seboka rinopa zvigadzirwa nemabasa ebetsero. Rinotsanangura zvakare zvamunotarisirwa kuita uye kuti munokwanisa kupa muono wenyu sei pamabasa edu atinoita.

## ZVIRI MAERERANO NESU

Finealt Engineering yakapiwa donzvo neHurumende yeZimbabwe rekugadzira zvinhu zvakasiyana-siyana kuburikidza nehunyanzvi hutsva pachishandiswa zvinhu zvinorarama mukuvandudza hupfumi hunoramba huchienderera mberi. Zvimwe zvatinogadzira zvinosanganisira mafuta ekubikisa, mafuta edzimotokari anogadzirwa nezvirimwa nezvimwewo zvinobudawo sezvinoshandiswa pakubvisa tsvina uye sipo.

## PATINOWANIKWA NENGUVA DZEBASA

TINOWANIKWA PANZVIMBO DZINOTEVERA:

1. Mt Hampden Bioeconomy Industrial Park, Haydon, Mt. Hampden, mumugwagwa weOld Mazowe.
2. Mutoko Bioeconomy Industrial Park pedyo neMutoko Centre
3. Nyakadecha Agro-industrial Park kuMudzi.
4. Muzindanyana weChigori Finealt Research kwaMurehwa mumugwagwa weMukarakate.
5. Charadura Industrial Park kwaHama kuChirumanzi

**TINENGE TAKAVHURA KUBVA**

MUVHURO KUSVIKA CHISHANU KUBVA 0745 KUSVIKA 1630

MUGOVERA KUBVA 800 KUSVIKA 1300

HUNYANZVI HUTSVA NEKUVANDUDZWA KWEMAINDASITIRI PACHISHANDISWA ZVINHU ZVINORARAMA KUVANDUDZA UPFUMI

## MUONO WEDU

Kuva vatungamiriri muzvigadzirwa zveBioeconomy zvinogara kwenguva refu muZimbabwe patinosvika 2030

## CHINANGWA CHEDU

Kugadzira zvinhu zveBioeconomy nekupa mabasa ebetsero nenzira inoramba ichienda mberi

## ZVATINOKOSHESA

a) Kushandirapamwe
b) Chiremerera
c) Kugona basa
d) Ruremekedzo
e) Kuzvipira
f) Kuchengetedza nharaunda

## KUZVIPIRA KWEFINEALT MUKUPA MABASA EBETSERO

Mukupa mabasa aya tichaita zvinotevera:

- Kuva takasununguka, tiine ruremekedzo nokuita basa nehunyanzvi kune vatinoshandidzana navo
- Kugamuchira kusiyana-siyana kwevatinoshandidzana navo.
- Kugamuchira zvichemo nenyunyuto zvevatinoshandidzana navo nemazvo uye nenguva.
- Kuwaniswa mabasa ebetsero zvichienderana nezviga zvakatarwa.
- Kuona kuti tawanisa mabasa ebetsero emhando yepamusoro kuburikidza nekuramba tichidzidzisa vashandi vedu mabatirwo anoitwa vatinoshandidzana navo nekuramba tichipa dzidziso kune avo vatinodyidzana navo nezveshanduko yezvigadzirwa zvedu nemabasa ebetsero, mitemo nematanho anotevedzwa kuitira kuderedza kukanganisika kwemashandiro
- Kushandisa nzira dzose dzinokodzera dzekunzwa muono wevatinoshandidzana navo dzinosanganisira kukurukura tichionana nekushandisa masavheyi nguva nenguva kuti tione kugutsikana kwavo.

## KODZERO DZEVATINOSHANDIDZANA NAVO

Takazvipira kuremekedza kodzero dzevatinoshandidzana navo dzinosanganisira dzinotevera:

- Kodzero yekuwana mabasa ebetsero, zvishandiso neruzivo nenzira inozadzisa zvido zvevatinodyidzana navo.
- Kupa mhinduro nekukurumidza kunyunyuto nezvichemo.
- Kodzero yekukwidza nyunyuto yemutongo wapiwa kudanho repamusoro
- Kuvanziridza kwezvese zvatinoitita newe.
- Kubatwa zvakanaka zvineruremekedzo nechiremerera.
- Kodzero dzekuwaniswa zvigadzirwa nemabasa ebetsero zvemhando yepamusoro.

## ZVATINOTARISIRA KUBVA KWAMURI

Mukushandidzana nevatengi vedu tinovatarisisira kuita zvinotevera:

- Kuve neruremekedzo uye kuita zvinhu nenzira dzinotarisirwa.
- Kutevedzera nekuremekedza mitemo, zviga nezvinodiwa nevemutemo pakushandisa zvigadzirwa nemabasa edu ebetsero.
- Kutipa muono wenyu unoita kuti tivandudze hunaku hwezvigadzirwa nemabasa edu ebetsero.

## ZVATINOTARISIRA KUITA KUNE VATINODYIDZANA NAVO

Patinenge tichishanda nevatinodyidzana navo tinotarisira kuita zvinotevera:

- Kuwanisa mabasa ebetsero zvinehunyanzvi nezvigadzirwa zvemhando yepamusoro
- Kubata vatinodyidzana navo zvineruremekedzo nechiremera.
- Kugona kuvanziridza humbowo patinenge tichishanda nevatinodyidzana navo.
- Kusaita rusarura.
- Kusimudzira mushandirapamwe nekugona kuzvimiririra seboka.
- Kukurumidza kugadzirisa zvido zveavo vatinoshandidzana navo.
- Kukurumidza kugadzirisa zvido zvevatinoshandidzana navo.
- Kuvanisa mukana wekushanda zvakanaka.
- Kupa chenjedzo nezvegwaro rino kune vatinoshandidzana navo.

## NZIRA DZEKUPA MUONO

Tinoshingaira kuwanisa mabasa ebetsero emhando yepamusoro nguva dzose uye kuona kuti zvaitwa nemazvo nguva dzose. Muono unokosha ndeuyo unobva kwamuri.
Tinogamuchira nyunyuto, zvamunotaura nemuono pamusoro pezvigadzirwa nemabasa edu..

Munogona kutibata kuburikidza nenzira dzinotevera:

1. Kutaura nevashandi vedu vakasununguka vari kunzvimbo dzataurwa pamusoro.
2. Tumira tsambanhare pahelpdesk@finealtbioeconomy.co.zw
3. Kuchaya runhare kana kutumira tsambambozha kana WhatsApp pa+263773649048/0719649049/077606 8209
4. Enda padandemutande redu: www.finealtbioeconomy.co.zw

## KUGADZIRISA KWATINOITA ZVICHEMO

Finealt inokoshesa zvichemo uye inozvitora semukana wekuvandudza kuwanisa mabasa ebetsero nezvigadzirwa.
Tinoda kugadzirisa nyunyuto pajekerere, nenzira yakanaka uye nekukurumidza. Tinozvipira kuita zvinotevera:

1. Kutora matanho nekukurumidza kana pachitaridza kuva nenjodzi yekukuvara yakakura.
2. Kukuzivisai kuti tagamuchira chichemo chenyu mukati memaawa 24 uye kugadzirisa zvichemo zvenyu mukati memaawa 72 okuchigamuchira.

Kana tisingakwanisi kukupa mhinduro izere kuchichemo chako munguva yakatarwa, tichakupa imwe mhinduro ichakubatsira panguva iyoyo nekukuzivisa paunozotarisira kuwana mhinduro yako chaiyo. Ticharamba tichikuzivisa nezviri kuitwa pamusoro penyunyuto yako.


**PAMUNOTIBATA.**

ZVIMWEWO ZAMUNGADA KUZIVA NEMIONO NGAZVITUMIRWE KU:

Mukuru weZvekushambadza nekudyidzana neveruzhinji
: Finealt Engineering Limited
Haydon Farm, Mt Hampden
: helpdesk@finealtbioeconomy.co.zw
: www.finealtbioeconomy.co.zw

NHAMBA DZENHARE:
Kushambadza nekudyidzana neveruzhinji
+263 776 068 209
+263 773 649 048
+263 719 649 049
+263 776 068 209


GWARO RECHIBVUMIRANO RE-FE KUNE VAINOSHANDIDZANA NAYO

HUNYANZVI HUTSVA NEKUVANDUDZWA KWEMAINDASITIRI PACHISHANDISWA ZVINHU ZVINORARAMA KUVANDUDZA UPFUMI